

# Yon prensip konduit pèsonèl

## Padon



*“Pitye ak lavérité ekspye peche.  
Ou evite mal lè w respekte Bondye.” Pwovèb 16:6*

By John E. Schrock

*Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.*

Ekspye vle di peye pou inikité, mal, oswa peche nou te fè. Peye (ekspye) remèt epi retabli nou nan eta orijinal nou. Rezilta a se padon. Prensip padon an se kapab pi gwo santiman nou santi nan vi nou paske li afekte sante nou ak byennèt nou anpil. Li afekte biznis nou tou ansanm ak relasyon nou genyen ak moun an-jeneral.

Pou fè ekspéryans padon, nou bezwen konprann poukisa nou dwe aksepté epi resevwa padon Bondye. Nou dwe toudabò rekonèt Bondye sen epi jis, epi ke li vle nou pratike jistis ak parèy nou swivan lwa li mete. Se limenm ki kreye lwa nan lavi nou. Reg sa yo rele laverite, nou pa kapab vyole yo san yo pa pini nou. Yo tankou lwa gravite. Nou pa kapab chanje yo, men nou dwe aprann viv ak yo. Lalwa Bondye se menm bagay, li jis epi dwe genyen yon pinisyon si nou pa respekte yo; otreman nou pa t a kapab fè pawòl Bondye konfyans. Sepandan, kontrèman a lalwa gravite kote pinisyon vin touswit apre vyolasyon an—pitye ak padon disponib pou nou lè nou aprann swiv règ espirityèl lavi, sa ki bannou yon dezyèm chans. Atitid Bondye se « tout moun se kreyasyon mwen ». Li renmen tout moun, bon tankou mechan. Diferans la se moun jis yo dekouvri kisa ki fonksyone nan lavi yo, lòt moun yo poko wè sa.

Dèske I te konnen nou t a pral dezobeyi lwa li, li te gentan prevwa lwa redanpsyon pou sove nou. Li rele lwa sa Padon. Si nou pa konprann ni

nou pa resevwa padon, alòs nou va rete anba amand ak pinisyon sistèm jistis Bondye. Jezi pa t vini pou detwi oswa elimine lwa jistis Bondye men pou li te anseye nou prensip lanmou ak pitye, tanpere pa jistis. Li ofri nou padon bay tout moun ki resevwa li.

Lalwa san pitye rann lavi di epi difisil. Li kreye yon santiman pèmanan kote nou santi nou koupab epi ankòlè ki detwi sante nou ak relasyon nou. Si nou pa fè ekspéryans padon, nou va devlope yon move atitid kont moun epi kont lavi an-jeneral, sa ki va bannou yon atitid negatif epi defansif anfas lavi.

Siveye 2 atitid sa yo:

1. Atitid estrik pou lalwa: sa fè timoun, travayè ak sosyete vin rebèl ; yo genyen enpresyon yo p ap janm rive bon, alòs yo mande tèt yo poukisa yo dwe eseye.
2. Atitid relach: sa kite moun san bi ni paramèt pou gide vi yo epi li kreye yon atitid irresponsab kay

timoun, travayè ak nan sosyete an. Alòs yo konprann yo kapab fè sa yo vle.

Nou dwe sonje se Bondye ki tabli règleman yo. Li pa kapab chanje lwa jistis paske jistis li toujou bon. Sepandan li tabli yon lòt lwa ki pote soulajman bay lapenn ak agoni nan vi nou. Si nou resevwa epi konprann prensip padon, nou resevwa redanpsyon (peman pou peche). Redanpsyon se senpleman padon pou fòt nou, yon fason pou nou kapab leve epi rekoumanse pou nou pwospere, pou nou byennere epi mache tankou pitit limyè. Jezi se pli pase chemen, li se lavi ak laverite. Li jis, men li ofri nou pitye li ak padon li pandan nou va aprann viv sou lwa wayòm li ki jis.

*Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:*

**Fondasyon pou Sikse.**

### Panse pou medite:

Padon se yon gwo don epi yo jwenn li anpil nan mitan moun ki enb.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete